



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EVALYASYON BEZWEN SANTE MANTAL
INO GIRAL POU PREMYE SEKOURIS YO**

***Rezilta evalyasyon ki soti nan patenarya ant Divizyon Sekirite Enteryè a ak Sèvis
Ijans Eta a ak Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf SUNY New Paltz***

***DHSES ak Biwo Sante Mantal Eta New York la patwone 19èm Konferans Anyèl
Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf nan dat 14-15 me a***

***Inisyativ la sipòte angajman Gouvènè Hochul pou ranfòse sistèm swen sante
mantal Eta New York la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman evalyasyon bezwen sante mantal inogiral premye sekouris New York yo pou pi byen konprann defi ki gen rapò ak sante mantal kominote sekirite piblik la ap fè fas ak ranfòse pwogram ak sèvis pou pwofesyonèl sa yo. Soti nan yon patenarya ant Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) eta a ak Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf SUNY New Paltz (SUNY New Paltz's Institute for Disaster Mental Health) ak Benjamin Center, evalyasyon an pral gen ladan rezilta yon sondaj anonim volontè ak opinyon yon seri gwoup diskisyon pou premye sekouris yo.

"Pandan n ap kontinye fè envèstisman istorik nan swen sante mantal, li enpòtan pou nou angaje ak kominote premye sekouris yo, ki soufri yon fason ki pa pwopòsyonèl ak pwoblèm sante mantal", **Gouvènè Hchoul te deklare.** "Eta nou an solid menm jan ak rezo moun ki kenbe nou an sekirite, epi evalyasyon bezwen konplè sa a pral ede nou ba yo swen ak resous yo merite."

Evalyasyon bezwen an pral rasanble opinyon nan men fòs lòd la, sèvis ponpye, EMT yo, repatitè 911 ak jesyonè ijans yo. Ofisyèl DHSES ak SUNY New Paltz pral bay rezilta evalyasyon an nan 19èm Konferans Anyèl Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf nan Culinary Institute of America nan Hyde Park nan dat 14 ak 15 me.

Anplis de inisyativ sa yo, Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a ap fè patenarya ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans ak Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf pou devlope yon repons sante mantal pou katastwòf nan tout eta a. Sekouris sante mantal pou katastwòf yo ka aktive pou sipòte operasyon repons pou katastwòf yo epi bay yon prezans konpatisan, premye swen sikolojik imedyat ak sipò

adisyonèl jan sa nesesè pou abòde reyaksyon estrès prematire ak estrès yo prevwa nan ka katastwòf yo.

OMH ap pwofite finansman federal pou devlope ak fòme ekip sante mantal pou katastwòf la, ak plan k ap fèt pou ede devlope ak sipòte ekip lokal ak rejyonal yo. Menm jan an tou, DHSES ap travay avèk OMH ak enstiti a pou idantifye lòt opòtinite fòmasyon premye sekouris ki gen rapò ak sante mantal, tankou kou ant kanmarad yo ofri nan Sant Fòmasyon Preparasyon Eta a.

Ekip sipò kanmarad yo enkli moun ki gen eksperyans yo viv pou bay sipò emosyonèl, sosyal ak pratik lè sa nesesè. Yo souvan itilize ekip sipò ant kanmarad nan òganizasyon sekirite piblik yo pou ede moun fè fas ak estrès ki gen rapò ak travay yo epi swiv ensidan enpòtan yo.

Semèn pase a, sant fòmasyon an te òganize de sesyon fòmasyon ekip sipò ant kanmarad yo – *Ede moun ki nan Kriz ak Entèvansyon Gwoup nan ka Kris* – nan Oriskany. Tou de sesyon yo rive nan kapasite yo epi yo pral ofri fòmasyon adisyonèl nan fen ane sa a.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Premye sekouris yo fè fas ak sitiyasyon twomatizan chak jou. Bay premye sekouris nou yo tout sipò yo bezwen pa sèlman vle di sibvansyon pou nouvo veyikil oswa ekipman, men tou vle di prezante ak sipò sante mantal yo bezwen pou rete an sekirite nan travay la. Evalyasyon sa a pral pèmèt nou tandè dirèkteman premye sekouris yo atravè eta a sou sa yo vle ak bezwen nan sa ki gen pou wè ak byennèt emosyonèl yo."

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Premye sekouris yo fè eksperyans gwo estrès ak twomatiz nan travay yo ke si yo pa adrese ak sipò apwopriye a, sa ka lakoz kondisyon ki pi grav, tankou twoub estrès pòs-twomatiz. Evalyasyon bezwen n ap lanse a pral pèmèt nou tandè dirèkteman premye sekouris yo konsènan sèvis ak sipò yo bezwen pou fè travay enpòtan yo san yo pa soufri konsekans sou sante yo apre sa."

Directè Egzekitif Enstiti pou Sante Mantal nan ka Katastwòf SUNY New Paltz, Amy Nitza, te deklare "Jou apre jou, premye sekouris ak pèsonèl sèvis ijans New York yo fè fas ak nivo estrès ekstrawòdinè ke si yo pa rezoud, kapab afekte pèfòmans pwofesyonèl yo ak byennèt pèsonèl yo. Se poutèt sa patenarya solid nou an ak DHSES enpòtan anpil, paske n ap travay ansanm pou asire ke enfrastrikti sante mantal New York la resevwa fòmasyon ak ekipe yon fason apwopriye pou satisfè bezwen kominote nou yo epi devlope rezistans pou lavni."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)